

**BROWARD HEALTH**  
**INITE SANTRAL ASISTANS FINANSYÈ - CFAU**  
**(954) 767-5344**

An nou di ou menm oswa yon fanmi ou pa gen asirans. Anvan ou chèche konnen si ou kalifye pou asistans finansyè, toudabò ou dwe aplike epi respekte pwosede aplikasyon youn nan pwogram asirans sante lokal, leta, oswa federal, tankou paregzanp "Affordable Care Act" (sa yo rele "Healthcare Exchange"), Medicare, Medicaid, Florida KidCare, ets. Si se pa sa, y ap denye aplikasyon ou voye a.

**Prèv Rezidans/Kat Idantite: Pou tout granmoun k ap aplike (Youn nan sa yo)**

- Lisans Leta Laflorid oswa yon Kat Idantite Leta bay (li pa dwe espire)
- Paspò Ameriken
- So I-551 sou paspò etranje (tout dat dantre yo dwe make)
- Kat rezidans / grinkat ki valid oswa Fòm I-551, Avi Otorizasyon I-797
- Kat Enskripsyon pou Vote

**Prèv Adrès ou rete: 2 dokiman pou chak granmoun (pasyan, mari/madanm, epi/oswa gadyen legal) k ap aplike**

- Yon prèv adrès ki pa twò ansyen (pa depase 30 jou): bòdwo pou kay la (kouran, telefòn, dlo, kab, gaz, ets.), resi pou mògej/lwaye, kat enskripsyon pou vote, kourye, lòt.
  - Si enfòmasyon ki anlè a sou non yon lòt moun, lè sa a n ap bezwen prèv rezidans / ID moun nan, ansanm ak yon lèt notarye ki di aplikan an rete nan kay la.
- Prèv ansyen adrès ki twò anyen (pa depase 30 jou): bòdwo pou kay la (kouran, telefòn, dlo, kab, gaz, ets.), resi pou mògej/lwaye, kat enskripsyon pou vote, kourye, lòt, kat idantite valid ki gen nouvo adrès la sou li epi ki date omwen 30 jou anvan dat aplikasyon an.
- Papye ki montre timoun ki nan kay la enskri pou y al lekòl.

*\* Bwat postal (PO BOX) avèk bòdwo Broward Health pa aseptab kòm prèv pou adrès*

**Prèv Timoun/Depandan:**

- Papye taks, batistè ak prèv gad legal

**Prèv lajan ou fè (yo egzije verifikasyon 12 mwa pou tout granmoun / si ou marye, yo mande pou bay papye pou lajan mari oswa madanm ou fè tou):**

**Si ou se yon Anplwaye:**

- Papye taks ki pi resan (ou ka mande IRS voye yo ba ou. Rele 800-829-1040 oswa vizite [www.irs.gov/pub/irs-fill/f4506](http://www.irs.gov/pub/irs-fill/f4506))
- Denye souch chèk ou resevwa (avèk kantite lajan ou fè jiska dat)  
Si ou pa ka bay sa yo:  
Dènye W-2 ou resevwa ansanm ak denye souch chèk ou resevwa, ki montre kantite lajan ou fè jiska dat, oswa Souch chèk pou 12 mwa ki pase yo, ki montre kantite lajan ou fè jiska dat, oswa

**Si w ap travay pou tèt ou:**

- Papye taks ki pi resan (ou ka mande IRS voye yo ba ou. Rele 800-829-1040 oswa vizite [www.irs.gov/pub/irs-fill/f4506](http://www.irs.gov/pub/irs-fill/f4506))  
Si ou pa ka bay sa yo:
- Lèt ki verifiye kantite lajan ou fè (avèk antèt konpayi an oswa so yon notè) pou 12 mwa ki pase yo, epi ki montre kantite lajan ou fè jiska dat.
- Deklarasyon bankè pou 12 mwa

**Si ou pap travay:**

- Souch chèk chomaj
- Lèt alokasyon Pansyon/Sekirite Sosyal/1099
- Lèt notarye nan men moun k ap ba ou sipò finansye, ki di depi konbyen tan epi ki kantite lajan pa mwa.
- Lèt notarye nan men moun ki ba ou manje, bwè, dòmi, ki di depi konbyen tan epi kijan li ede ou.  
**\*\*Yo egzije pou moun k ap ede ou bay ID/Prèv kote yo rete\***

**Y ap verifiye tout enfòmasyon ou bay. Si ou bay manti, sa gen dwa lakòz yo DENYE nenpòt ki kalite Asistans Finansyè ou mande nan men Broward Health.**

Siyati ou konfime ou resevwa tchèklis la epi w ap gen pou bay enfòmasyon nou mande a lè ou vin nan randevou a, pou fin ranpli Aplikasyon Asistans Finansyè a. (Si ou marye epi mari/madanm ou ap aplike tou, nou toulède dwe swiv pwosede aplikasyon an).

**Non Pasyan:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_


**Siyati Pasyan:** \_\_\_\_\_ **Temwen:** \_\_\_\_\_



**TCHÈKLIS CFAU**



**Aprè 30 jou, nou va detwi dokiman nou resevwa pou aplikasyon**



ki enkonplè.